**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**АМР "Ботлихскийрайон"**

**МКОУ "Рахатинская СОШ"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| Руководитель ШМО | Зам по УВР | Директор |
| ________________________ | ________________________ | ________________________ |
| Хизбулаева И.Р. | Джаватханова А.К. | Магомедов А.И. |
| Протокол №1 от «21» 08 2023 г. | Протокол №1 от «21» 08 2023 г. | Приказ №58 от «21» 08 2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА
# по
# родному языку и чтению

**Предмет:** родной язык и чтение
**Класс:** 2 «б»
**Учебник:** Авар мац1.Литературияб ц1али.2 класс.
Автор- Х1.С.Вакилов.С,З.Г1алиханов . Москва Санкт-Петербург , Просвещение 2019
**Срок реализации:** 2023-2024г.
**Учитель:** Нурахмаева С.Т.
**Кол-во часов**: авар мац1-68, литературияб ц1али-34

**АВАР МАЦ1АЛЪУЛ ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН** **II класс**

**Фонетика, грамматика, битIун хъвай ва калам цебетIезаби** (2 сагIат анкьида жаниб,кинабниги 68 сагIат)

**ГЬаркьал ва хIарпал (34сагIат)**

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. РагIабазулъ гьел ратIа гьаризе лъай.

Графикаялъул рахъалъ релълъенлъи бугел батIи- батIиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал:

1) Г, гI, гь, гъ;
2) х, хх, хI, хь, хъ;
3) К, кк, кI, кIкI,кь, къ;
4) Л, лъ, лълъ;
5) Ц, цц, цI, цIцI;

КъосичIого рагIабазулъ гьел битIун абизе, цIализе ва ратIа гьаризе лъай.

Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел, ай кIирекъарал хIарпал). РагIабазулъ гьел битIун абизе ругьун гьари.

Щ,Ш рагьукъал гьаркьал рагIабазулъ битIун цIализе ва хъвазе бажари.

Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, кьв, хв, хъв, хьв, ев, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, цIв.

Лабиалиял гьаркьал гьорлъ ругел рагIаби битIун цIализе ва хъвазе бажари.

Е,ё,Ю,я хIарпал. Ъ,ь хIарпал ва гьез тIубалеб хъулухъ.

**Слог.** РагIи слогазде бикьизе ва слогалккун гьелъул бутIаби цIияб мухъиде росизе ругьун гьари.

**Ударение.** РагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог батIа бахъизе лъай

**Алфавит.** ХIарпазул цIарал.Алфавиталъул кIвар. Словаргун хIалтIизе ругьунлъи.

**РагIи (24)**

Щив? Щий?щиб?щал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметазул цIарал ккей.

Кинав? Кинай? Кинаб? Кинал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметазул гIаламатал рихьизарулел рагIаби ккей.

Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб? Абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметалъул иш бихьизабулел рагIаби ккей.

ГIадамазул цIаразул ва фамилиязул, хIайваназда лъурал токIцIаразул, шагьаразул, росабазул, гIоразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе лъай.

**Предложение(10 сагIат)**

Калам предложениязде биххизе лъай. Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб ялъуни жиндир хIакъалъулъ бицунеб рагIи батизе лъай.

МагIнаялде балагьун ,предложениял ратIа рахъизе, жидецаго предложениял гIуцIизе лъай.

Предложениялъул суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе ругьун гьари.

Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб магIнаялъул рахъалъ цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIи, гьаракь борхизабун, бихьизабизе ругьун гьари.

**Калам цебетIезаби**

Калам ва гIумруялда жаниб гьелъул бугеб кIвар . КIалзул ва хъвавул каламалъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей.

Текст. Тексталда жанир аслияб магIна загьир гьабулел рагIаби ратIа гьаризе ругьун гьари. ГьитIинабго хабарияб текст бутIабазде биххизе, гьелъул тема баян гьабизе лъай. Тексталда ва гьелъул бутIабазда цIар лъей. Изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. МугIалимасул суалазда рекъон изложениял,харбал рицине цIалдохъаби ругьун гьари. Суалалъе жаваблъун бачIунеб аслияб раIгиялдаса пайдаги босун, изложение хъвазе ругьун гьари.

Сюжеталъулаб сураталдаса суалазул кумекалдалъун предложениял гIуцIизе ва хъвазе ругьун гьари.

Киназго цадахъ хIалтIул , хIаязул, цIалул ва гь.ц. хIакъалъулъ гьитIинабго хабар (сочинение) ургъизе ва хъвазе лъай.

**Каламалъул этика.** РакI разилъи ва гьабураб лъикIлъиялдаса вохи загьир гьаби. Лъай-хъвай гьабулаго хIалтизарулел рагIаби.

**Берцинго хъвай.**

ТIоцебесеб классалда хъвай-хъвагIаялъул рахъалъ щвараб бажари щула гьаби.

Хъвазе бигьалъи-захIмалъиги хIисабалде босун, гьитIинал хIарпазул группаби:

1) и, ш, г, гI, т, тI, н, р.у;
2) Л, м, ц, цI, щ, ь, гь, ы;
3) а, о, ю, ф, д, б, я;
4) с, е, ё, ч, чI, ъ, гъ, лъ, в;
5) э, х, хI, хь, хъ, ж, з, к, кI, кь, къ;

КIудиял хIарпазул группаби:

1) И, Ш, Ц, Ц, Ч, ЧI, Л, А;
2) О, С, З, Х, ХI, Е, С, Я;
3) Ж, У, Н, К, КI, Ю, Р, В, Ф;
4) Г, П, Т, Д, Б;
5) ХЬ, ХЪ, КЬ, КЪ, ЛЪ, ГЬ, ГЪ, ТI;

Хъвазе захIматал рагIаби: пальто, учитель, учительница, стакан, тетрадь, махх, гьой, kуй, рукъ, гIор, болнух, оцхIут, бихxи, раххан, ххвел, ххей, хине, бесси, бусси, руссун, ссан, бецци , ицц, ццин, билълъин, лълъар, релълъин, бацIцIин, бецIцIи, буцIцIин, бичIчIи, чIчIвад, ричIчIи, гвенд, коллектив, театр, кьаб-кьаби, сверун, тIадеялдаса-тIаде, мада-гъадар, дагь-дагьккун, лъаб-лъабккун, бецаруз, ничгьеч,цIурахинкI,багIаргьоло, гIужрукъ, гомог, гонгал, гозо, гузби, гIазу, росу, гIанкI, ГIанку, гъабу, зулму, пикру, ГIелму, Кету.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ II классалъул цIалдохъабазда цере лъурал аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

Авар алфавиталъул хIарпазул цIарал, рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул гIаламатал;

рагIи бикьун босиялъул къагIидаби.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе кола:**

РагIаби, предложениял, 30-40 рагIи бугел текстал, гъалатIал ричпачIого, битIун хъвазе;

рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа рахъизе, геминаталги лабиалиял гьаркьалги гьорлъ ругел рагIаби битIун абизе ва хъвазе, рагIи слогазде бикьизе, слогалккун гьел бутIаби цIияб мухъиде росизе, ударение бугебги гьечIебги слог батIа бахъизе;

гIадамазда, хIайваназда, шагьаразда, росабазда, гIоразда лъурал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;

фонетикияб разбор гьабизе (рагIаби слогазде рикьизе бажари, ударение бугеб слог бати, рагIулъ гьаркьазул ва хIарпазул тартиб чIезаби, **ицц, гьвет** гIадал рагIабазулъ гьаркьазулги хIарпазулги къадар чIезаби);

суалазул кумекалдалъун предмет, гIаламат ва иш бихьизабулел рагIаби ратIа рахъизе;

гьитIинабго текст предложениязде, предложениял рагIабазде биххизе, суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезаби;

предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе; суалазул кумекалдалъун 40-50 рагIи бугеб изложение хъвазе;

мугIалимас кьураб темаялда 2-3 предложение гIуцизе ва хъвазе.

## Программа II класс

## ЦIали ва калам цебетIезаби (анкьида жаниб цо сагIат)

## ЦIалул тематика.

### Рии ракIалде щвезаби

Риидал магIарул тIабигIаталъул бицунел харбал ва кучIдул. ЧIахIиял гIадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

### Меседилаб хасалихълъи

Хасалихъе тIабигIаталъул ва гьеб цIуниялъул, бачIин бакIариялъул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул.

ТIабигIаталде экскурсия.

### Нилъер унктъхIатIилал гьудулзаби

ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал,маргьаби ва биценкIаби.

Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, бетIербахъиялда тIасан гара-чIвари.

### Эркенаб захIмат-нигIматазул ицц

ЗахIматалъул, батIи-батIияб махщалил, гьединго лъималазул гIумруялъул ва пайдаял ишазул хIакъалъул асарал.

Лъималазул рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда тIасан гара-чIвари.

### Лъималазул гIумруялъул ва гьезул ишал

Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял.

Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари.

### Хасел-лъималазе рохел

Хасалил гIаламатазул, ЦIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасало лъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал.

Хасалил тIабигIаталде экскурсия.

**Хъизан ва школа**

Хъизаналъул ва школалъул, кӀудиязулги гӀисиназулги цоцадехун букӀине кколеб гьоркьоблъиялъул х Ӏакъалъулъ кучӀдул ва харбал.

**ЛъикӀлъи,хӀалимлъи,хӀурмат.** ГӀадамазул лъикӀабги квешабги хьвада чӀвадиялъул , цоцазе гьабулеб хӀурматалъул, яхӀ-намус бугел унго-унгоял гӀадамазул хӀакъалъулъ харбал ва кучӀдул.

**Халкъияб кӀалзул гьунаралъул асарал**

КӀиабилеб классалъул цӀалдохъабазе мустахӀикъал захӀматалъул, хӀайваназул , гӀажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикӀлъи-квешлъиялъул бицунел халкъиял маргьаби, кучӀдул, кицаби, абиял ва бицанкӀаби.

**Их**

Ихдалил тӀабигӀаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хӀайваназул гӀумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хӀалтӀабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хӀакъалъулъ харбал ва кучӀдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц)

Ихдалил тӀабигӀаталде экскурсия.

**Росу**

Росдал тӀабигӀаталъул, гӀадамазул гӀумруялъул, ахихъабазул хӀакъалъулъ асарал.

**Нилъер ВатӀан**

ВатӀаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахӀарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахӀарзазул хакъалъулъ кучӀдул ва харбал.

Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».

**ЦӀалиялъул рахъалъ цӀалдохъабазул лъугьине кколеб бажари**

**ЛъагӀалил I бащалъи** ГъалатӀал риччачӀого, текстал дурун , чвахун цӀализе.

Минуталда жаниб 25-30 рагӀи кколеб хехлъиялда цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабичӀеб текст цӀализе.

**ЛъагӀалил II бащалъи**. БитӀун, чвахун,рагӀаби, слогазде рикьичӀого, цӀализе(цӀализе захӀматал рагӀаби слогалккун цӀалила).Минуталда жаниб гӀага-шагарго 30-40 рагӀи бугеб, цӀалдохъабаз лъай-хъвай гьабичӀеб текст цӀализе. Логикияб ударениеги лъун, кколелъуб лъалхъиги гьабун, битӀун, чвахун текст цӀализе.

**Тексталда тӀад хӀалтӀи гьаби. Бухьараб калам**. МугӀалимас бицараб жоялъул ва тӀехьалдаса цӀалараб тексталъул магӀна босизе. ХӀасилалда тӀасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе. Малъарал ва жинцаго цӀаларал гӀисиналго асаразулъ рехсарал лъугьа-бахъиназул тартиб ракӀалда чӀезабизе, героязул ишазе ва рагӀабазе битӀараб къимат кьезе.

Гара-чӀвариялда гӀахьаллъизе . Жинцаго суал кьезе, малъарал асаразда тӀасан лъурал суалазе къокъгоги гӀатӀидгоги жавабал кьезе.

Текст бутӀабазде биххизе, гьезда цӀарал лъезе, цӀалараб жоялъул аслияб магӀна загьир гьабизе (мугӀалимасул кумекалдалъун)

МагӀна гӀагарал рагӀаби данде кквезе; рагӀул магӀна баян гьабизе, цо-цо рагӀабазул гӀемер магӀна букӀин лъазе; мугӀалимасул кумекалдалъун тексталъулъ героязул тӀабигӀаталъул, лъугьа-бахъиналъул хӀакъалъулъ бицунел рагӀаби ва предложениял рихьизаризе.

Практикияб къагӀидаялъ маргьаби , харбал,кучӀдул ратӀа гьаризе.

ЛъагӀалида жаниб 7-8 кечӀ рекӀехъе лъазабизе.

**Календарно-темактикияб план**

| № х/ц | Дарсил тема | Саг1 ат | Бихьизабураб къо | | д/з |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Программияб къо-моцI | ХIужжаялъ улаб къо-моцI | |
| 1. | РагIи. Предложение.Текст. | 1 | | | ХI. 8, гь 7 |
| 2. | Предложениялъул тайпаби. | 1 | | | ХI. 13 гь 9 |
| 3. | Предложениялъулъ рагIаби цоцалъ рухьин. | 1 | | | ХI. 25, гь 9 |
| 4. | Эркенаб диктант. | 1 | | | ХI. 25, гь 14 |
| 5. | Гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | | |
| 6. | Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | | ХI. 32, гь 17 |
| 7. | Рагьарал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | | ХI. 39, гь 19 |
| 8. | Словарияб диктант. | 1 | | | ХI. 44, гь 21 |
| 9. | Е,Ё,ю,я хIарпал. | 1 | | | |
| 10. | Рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | | ХI. 50, гь 23 |
| 11. | Й-рагьукъаб гьаракь ва хIарп | 1 | | | ХI. 54, гь 25 |
| 12. | ТIасабищул диктант. | 1 | | | ХI. 58, гь 25-27 |
| 13. | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъ.гь.ва хI. | 1 | | | |
| 14. | Ъ,ь,L лъугьунел хIарпал. | 1 | | | ХI. 62, гь 29 |
| 15. | Ш,Щ рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. | 1 | | | ХI. 71, гь 32 |
| 16. | Халгьабиялъул диктант. | 1 | | | ХI. 77, гь 34 |
| 17. | Геминатал. | 1 | | | |
| 18. | [кк]  [кIкI],[чч]-рагьукъал гьаркьал. | 1 | | | ХI. 82, гь 36 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 19. | [чIчI] рагьукъаб гьаракь | 1 | | | XI. 87, гь 38 |
| 20. | Лъазабиялъул диктант | 1 | | | XI. 93, гь 40 |
| 21. | [сс] - рагьукъаб гьаракь | 1 | | | |
| 22. | [хх] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | | XI. 100, гь 42 |
| 23. | [щщ] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | | XI. 107, гь 45 |
| 24. | Доскаялдаса контролияб хъвадари (списывание) | 1 | | | XI. 112, гь 47 |
| 25. | [цIцI] –рагьукъаб гьаракь | 1 | | | XI. 118, гь 49 |
| 26. | [лълъ] – рагьукъаб гьаракь | 1 | | | XI. 123, гь 51 |
| 27. | Лабиалияб гьаркьал | 1 | | | XI. 128, гь 53 |
| 28. | Баян гьабун хъвадари (комментир.письмо) | 1 | | | XI. 133, гь 55 |
| 29. | Ъ,   ь хIарпал | 1 | | | XI. 136, гь 57 |
| 30. | Контролияб диктант | 1 | | | |
| 31. | Ъ  ь   хIарпал | 1 | | | XI. 138, гь 58 |
| 32. | Алфавит | 1 | | | XI. 142, гь 58 |
| 33. | Алфавит | 1 | | | XI. 147, гь 61 |
| 34. | РагIи ва слог | 1 | | | XI. 153, гь 63 |
| 35. | РагIи ва слог | 1 | | | XI. 157, гь 63 |
| 36. | ТIехьалдаса хъвадари | 1 | | | XI. 161, гь 66 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 37. | Ударение | 1 | | | XI. Правило лъазе |
| 38. | Ударение | 1 | | | XI. 162, гь 67 |
| 39. | Калам | 1 | | | XI. 171, гь 70 |
| 40. | Берзул диктант | 1 | | | |
| 41. | Предложение | 1 | | | XI. 175, гь 71 |
| 42. | Предложение (хабарияб, суаляб, ах!ул) | 1 | | | XI. 180, гь 73 |
| 43. | Текст | 1 | | | XI. 186, гь 77 |
| 44. | Творческияб хIалтIи | 1 | | | XI. 190, гь 79 |
| 45. | Авар мацI.хасиятал гьаркьал ва геминатал | 1 | | | XI. 198, гь 84 |
| 46. | Щив? (-й –б-л) абурал суалазе жав.рачI.рагI. | 1 | | | XI. 218, гь 95 |
| 47. | Щив? (-й –б-л) абурал суалазе жав.рачI.рагI. | 1 | | | XI. 223, гь 98 |
| 48. | Лъазабиялъул диктант | 1 | | | |
| 49. | Щив? Щиб? Щий? Щал? суал.жавабрачI.рагIаби1 | 1 | | | XI. 222 гь 97 |
| 50. | Контролияб диктант | 1 | | | |
| 51. | ГIадамазул цIар, фамилия, инсул цIар | 1 | | | XI. 231 гь 103 |
| 52. | ГIадамазул цIар, фамил.,инсул ц1ар,кIуд.хIарп | 1 | | | XI. 233, гь 103 |
| 53. | ХIайв. тIокIцIар.ва бакIаз.цIараз.кIудияб хIарп | 1 | | | XI. 238, гь 106 |
| 54. | ХIалтIаби 238-244 | 1 | | | XI. 242, гь 109 |
| 55. | Кинав? (-й,-л,-б) суал.жав.рачI.рагI. | 1 | | | XI. 246, 112 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 56. | Эркенаб диктант | 1 | | | |
| 57. | ХIалтIаби №251-255 | 1 | | | XI. 256. ГЬ 115 |
| 58. | ХIалтIаби №258-261 | 1 | | | XI. 261. гь 117 |
| 59. | ХIалтIаби №262-270 | 1 | | | XI. 270, гь 119 |
| 60. | Халгьабиялъул диктант | 1 | | | |
| 61. | Щиб гьабураб? Щиб гьабилеб? Щиб лъугьараб? | 1 | | | XI. 273, гь 125 |
| 62. | Щиб гьабулеб? Щиб гьабулеб бугеб? | 1 | | | XI. 276, гь 124 |
| 63. | ХIалтIаби №277-284 | 1 | | | XI. 284, гь 128 |
| 64. | РагIабазул диктант | 1 | | | |
| 65. | Малъараб такрар гьаби №285-295 | 1 | | | XI. 295, гь 133 |
| 66. | Контролияб диктант | 1 | | | |
| 67. | Такрар гьабиялъул дарс | 1 | | | XI. 299, гь 135-136 |
| 68. | РагIи. Предложение.Текст. | 1 | | | |